PUPUH II: KINANTHI (8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i)

No.	Alih Aksara	Terjemahan
1.	Mangkana Jĕng Sang Aprabu mapan wus uningeng gaip lamun karsaning Yyang Sukma kang putra Raden Surati dadya wiji tanah Jawa datan kasĕlanan benjing	Demikianlah Kanjeng Sang Prabu, sudah memahami gaib kalau kehendak Ywang Sukma, putra Raden Surati menjadi bibit di tanah Jawa tanpa bersela kelak.
2.	Pan nĕnggih turun tumurun ing Jawa ingkang darbeni nanging kang putra punika sagung kang para narpati datan liya turunira Rahaden Bondhan Sĕrati.	Adapun turun menurun di tanah Jawa yang memiliki, tetapi putra ini, semua para raja, tak lain keturunan Raden Bondhan Serati.
3.	Ngantos dugi akhir besuk nora liya kang darbeni iya ratu tanah Jawa mangkana karsa Sang Aji ingkang putra ginadhuhna mari(ng) pandita ingkang luwih.	Sampai akhir (jaman) kelak tak lain yang memiliki ya raja tanah Jawa. Demikianlah kehendak Sang Raja, putranya dititipkan kepada pendeta yang sakti.
4.	Pan wus padhang tingalipun Sang Brawijaya narpati marang karsaning Yyang Sukma yen Tarup ingkang madhahi mangkana nulya ngandikan Kyai Agĕng sampun prapti	Sudah jelas pandangannya Sang Raja Brawijaya akan kehendak Ywang Sukma, bahwa Tarup yang menjadi wadah. Demikianlah lalu memerintahkan. Kyai Ageng sudah tiba
5.	Ing ngarsanira Sang Prabu Brawijaya ngandika ris marma jĕbeng Tarup sira ing mĕngko ingsun timbali iya ar- (h.31) sa titip ingwang mring putraningsun ran Surati	di hadapan, Sang Prabu Brawijaya berkata dengan halus “Sebabnya nanda Tarup engkau sekarang aku panggil, ya aku akan titip putraku bernama Surati.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
6.	Mangsa bodhoa sireku prěděněn amangun teki lan yen parěng lan sira těmokna anakireki ingsun pracaya ing sira Ki Agěng matur wot sari	Terserah kepadamu, ajarilah menjalankan tapa dan kalau engkau berkenan, pertemukanlah (dengan) anakmu, aku percaya kepadamu." Ki Ageng berkata
7.	Inggih sandika pukulun nanging pangestu Dewaji mugi ta kělampahan Sang Nata ngandika aris ingsun aweh pratandha kěris lan Ki Gunung Gěni	"Ya, hamba bersedia, hanya restu Dewaji, semoga dapat terlaksana." Sang Raja berkata dengan halus "Aku memberi tanda mata keris dan Ki Gunung Geni.
8.	Anging jěbeng wěkasingsun sira aja walang ati mulang muruk anakira iya marang Ki Surati Sang Wiku matur sandika langkung tyas sagunung siwi	Tetapi pesanku, Nak, engkau jangan ragu-ragu hatimu, memberi ajaran kepada anakmu, ya kepada Ki Surati." Sang Wiku menyatakan kesediaan, hatinya sangat bangga dan senang.
9.	Wus linilan nulya mundur amběkta Raden Surati datan winarna ing marga Tarup mapan sampun prapti Nawangsih měthuk kang rama langkung bungah tyas Sang Dewi	Sudah diijinkan lalu pulang, membawa Raden Surati. Tidak diceritakan di jalan, sudah tiba di Tarup. Nawangsih menyambut ayahandanya, sangat senang hati Sang Dewi,
10.	Lamun ingkang rama rawuh lawan angsal lare iki Sang Pandhita nulya lěnggah tan těbih Raden Surati Sang Rětna nulya sareyan aneng pangkoning (h.32) sudarmi	karena ayahandanya datang, serta membawa anak. Sang Pendeta lalu duduk, tak jauh dari Raden Surati. Sang Retna lalu tiduran di pangkuan ayahanda
11.	Sarya atětanya arum iku rama rare ngěndi	sambil bertanya dengan manis, "Ayahanda itu anak dari mana?"

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Sang Pandhita angandika iya kakangira iki sělawase ingsun tilar iya kulup neng nagari	Sang Pendeta menjawab “Ya kakandamu ini, selama ini aku tinggalkan, iya di ibu kota, Nak.
12.	Iki ngong parani iku anaa rewangireki saya bungah tyas Sang rětna nrěka lamun kadang yěkti lajěng ngrangkul dhatěng radyan kang rama suka ningali	Ini aku datangi, supaya ada teman (untuk)mu.” Semakin senang hati Sang Retna mengira kalau saudara sesungguhnya, lalu memeluk pangeran, ayahnya senang melihat
13.	Solahe putranereku Dyah Nawangsih tanya aris lan riyangan pangkonira sira kakang ana ngěndi iya sělawase ika raden mesěm ngandika ris	ulah putrinya. Dyah Nawangsih bertanya dengan manis dengan riang di pangkuannya “Engkau kakanda ada di mana selama ini? Raden tersenyum menjawab dengan halus,
14.	Ngawula marang Sang Prabu yayi ratu Majapahit Sang Rětna aris ngandika kakang sira aja bali datan ana rewang ingwang mesěm Den Bondhan Surati	“Mengabdi pada Sang Prabu adinda Raja Majapahit.” Sang Retna menjawab dengan manis, “Kakanda engkau jangan kembali aku tidak ada teman.” Tersenyum Raden Bondan Surati,
15.	Kalamun tan bali ingsun sapa yayi kang ngingoni Sang Rětna aris ngandika ya Si Rama kang ngingoni iya lamun měngkana wus yayi ingsun tan bali	“Kalau aku tak kembali, siapa dinda yang menafkahi?” Sang Retna berkata dengan manis, “Ya Ayahanda yang menafkahi.” “Ya kalau demikian sudahlah dinda aku tidak kembali.”
16.	Mesěm Sang Pandhita dulu mring (h.33) solahe putraneki cinarita sampun lama Rahaden Bondhan Surati	Sang Pendeta tersenyum melihat pada ulah putrinya. Diceritakan sudah lama Raden Bondan Surati

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	aneng dhěkah Tarup ika tan pisah lawan Sang Dewi	di pedukuhan Tarup tak (pernah) berpisah dengan Sang Dewi
17.	Ing siyang kalawan dalu Sang Pandhita kang winarni aneng pěgagan kewala kang neng wisma putraneki nanging angintu kewala saběn siyang mring sudarmi	siang ataupun malam. Diceritakan Sang Pendeta selalu di pertapaan. Yang di rumah putrinya, tetapi selalu mengirim (makanan) setiap siang kepada ayahnya.
18.	Winarna wus lama sampun Rahaden Bondhan Surati měngkana sampun diwasa tanapi Dyah Rětnaningsih samya nusul mring pagagan wus prapta ngarsa Sang Yogi	Konon sudah cukup lama Raden Bondhan Surati kini sudah dewasa, demikian juga Dyah Retnaningsih, bersama menyusul ke pertapaan. Sudah sampai di hadapan Sang Yogi.
19.	Den Bondhan lon turipun yen parěng karsa Sang Yogi kawula anggěntosana atěngga pěgagan iki kalawan ayun uninga inggih ing raosing sakit	Raden Bondhan perlahan berkata, “Kalau berkenan Sang Yogi saya boleh menggantikan menunggu pertapaan ini, serta ingin mengetahui akan rasa sakit.”
20.	Sang Pandhita ngandikarum ya wis běněr anak mami sira sinaua tapa wus mangsane sira kaki kalamun olah sarira angling Sang Rětna Nawangsih	Sang Pendeta berkata dengan halus, “Ya benar anakku, engkau hendaknya belajar bertapa, sudah saatnya engkau Nak, untuk mengolah badan.” Sang Retna Nawangsih berkata,
21.	iya kakang ingsun milu (h.34) aneng ing kene ta mami Raden alon ngandika aja yayi tan prayogi wong wadon aneng pagagan lawan sapa ingkang ngingoni	“Ya kakanda aku ikut, saya di sini juga” Raden menjawab dengan lembut, “Jangan dinda tidak baik anak perempuan di pertapaan, dan lagi siapa yang melayani,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
22.	Iya yayi maring ingsun kalawan manawa yayi ana wong kang canthulangan nora wurung ingsun yayi pasthi atakĕr ludira lan tan bĕcik sawangneki	aku, ya dinda Dan kalau adinda, ada orang sembarangan, tak luput aku dinda pasti kupertaruhkan dengan darah, dan dipandang tidak baik.
23.	Ingkang dadi karsaningsun ing sabĕn dina ta yayi sira praptaa ngirimi iya marang ingsun yayi iku ugi kang prayoga Ki Agĕng mesĕm nabdaris	Yang jadi pemikiranku, pada setiap hari adinda, datanglah engkau mengirim, ya kepadaku adinda, begitulah sebaiknya.” Ki Ageng tersenyum berkata manis,
24.	Ya bĕnĕr kakangireku payo nini padha mulih pan sampun nurut Sang Rĕtna mapan nulya kundur sami raden kari neng pĕgagan sabĕn dina Sang Dyah prapti	“Ya benar kakandamu, ayo putriku pulanglah.” Sudah menurut Sang Retna, lalu semua pulang. Raden tinggal di pertapaan. Setiap hari Sang Dyah datang
25.	Ngintu mring kang raka iku anggendhong sumbul pribadi lawan nyangking janganira tan suka ginawa cethi kawarna mapan wus lama raden neng pĕgagan iki	mengirimi kakandanya, menggendong bakul sendiri, serta menenteng sayurnya, tak mau dibawakan pembantu. Diceritakan sudah cukup lama raden berada di pertapaan,
26.	Sangsaya diwasanipun atanapi Sang Rĕtna (h.35) di wus katingal warnanira tan wingwang kang ibu yĕkti tuhu yen ayu utama Sang Rĕtna Dewi Nawangsih	semakin dewasa. Demikian juga Sang Retna, sudah terlihat rupanya, sungguh tak berbeda dengan ibunya, sungguh cantik jelita. Sang Retna Dewi Nawangsih
27.	Lalewanya karya wuyung	tingkah lakunya menawan,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	tuhu lamun jungkarangin gandrung manis salewanya karya wirangrong mantĕrsi pasaja lamun ngandika ulat lindri tan patya ngling	sungguh membanggakan, menawan hati, manis tingkahnya, membuat iri para putri. sederhana tutur katanya, pandangan sayu tak banyak bicara.
28.	Raden Surati yen dulu wau dhumatĕng kang rayi ing tyas tanpa jamuga yen kang rayi mĕntas ngirim sapungkurira mangkana ngĕnglĕng-ngĕnglĕng Den Surati	Raden Surati kalau memandang kepada sang adik, hati tak karuan. Kalau sang adik baru saja mengirim, sepeninggalnya itu, terbengong-bengong Raden Surati.
29.	Lama-lama raden sampun pan nora sagĕd nyabili dadya wĕdhar karsanira mangkana Sang Dyah winarni apan nuju ngintu(n) ika kang ngiring inya sawiji	Lama-lama raden sudah tak sanggup mengingkari, sehingga lepas kehendaknya. Demikianlah diceritakan Sang Dyah sedang mengirim, yang menemani seorang abdi perempuan
30.	Sang Dyah mapan gendhong sumbul lawan nyangking janganeki prapta dyah anulya lĕnggah neng ngarsanya Den Surati lan seleh gendhonganira Den Surati ngandika ris	Sang Dyah menggendong bakul, serta menenteng sayur. Setibanya putri lalu duduk di depan Raden Surati, dan meletakkan gendongannya. Raden Surati berkata dengan manis,
31.	Awan tĕmĕn areningsun iya olehira ngirim payo yayi padha mangan ngĕlih tĕmĕn ingsun yayi (h.36) Sang Rĕtna aris nauri kaki mangana pribadi	“Siang sekali adinda (kedatanganmu) untuk mengirim? Ayo dinda kita makan, Sangat lapar aku adinda” Sang Retna menjawab dengan halus, “Kakanda makanlah sendiri.
32.	Mulane awan katingsun	Sebabnya siang keberangkatanku,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Si Rama kang ngajak bukti dadya warĕg ingsun kakang mesĕm Rahaden Surati alon rinangkul Sang Rĕtna raden lon ngandika ris	ayahanda mengajak makan, jadi kenyang saya, kakanda.” Raden Surati tersenyum, perlahan Sang Retna dipeluk, Raden berkata dengan halus,
33.	Kangĕn tĕmĕn yayi ingsun nginĕpa kene sawĕngi Dyah Nawangsih lon ngandika yen mĕngkono kakang mami ingsun tutur mring Si Rama kakang ingsun mulih dhingin	“Rindu sekali aku adinda, menginaplah di sini semalam.” Dyah Nawangsih perlahan berkata, “Kalau demikian kakandaku, aku beritahu kepada ayahanda, Kakanda aku pulang dahulu”
34.	Raden mesĕm ngandika rum aja nganggo tutur yayi banjur nginĕpa kewala Sang Rĕtna aris nauri kakang wedi ingsun uga marang ing Si Rama yĕkti	Raden tersenyum berkata dengan manis, “Tidak usah memberitahu dinda, lalu menginaplah saja.” Sang Retna menjawab dengan manis, “Kakanda takut juga aku, kepada ayahanda sungguh,
35.	Kakang mangana rumuhun raden mesĕm sarya angling nora mangan ingsun dewa yen ora kalawan sireki dhuh gusti mirahku bĕndara Sang Rĕtna garjiteng ati	kakanda makanlah dahulu.” Raden tersenyum sambil berkata, “Tidak makan aku adinda, kalau tidak bersamamu, duh putri pujaan junjunganku” Sang Retna terkejut,
36.	Kang manah langkung kumĕpyur mangkana esthining galih paran baya polah ingwang si kakang owah lir nguni pangĕmeke marang ingwang (h.37) sarta lan pangusapneki	hatinya berdebar-debar. Demikianlah dalam hatinya, “Apa salahnya ulahku? kanda berubah seperti ini, jamahan tangannya padaku serta usapannya,
37.	Tĕka gila atiningsun apa lali maring mami yen ingsun kadange nyata	sungguh risih hatiku. Apakah lupa kepadaku? Kalau aku sungguh saudaranya?”

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mĕngkana Raden Surati Sang Rĕtna nulya ingaras tangkis sĕlur nging tan polih	Demikianlah Raden Surati, Sang Retna lalu diciumi, selalu menangkis tapi tak kuasa.
38.	Raden wĕdhar karsanipun anulya nguwah panĕpi katingal kang payudara lir daru gĕbyarireki wĕntis gilig kengis nulya gumĕbyar lir mendah thathit	Raden lepas kehendaknya, lalu bergeser menepi, tampak payudaranya, bagai sinar bintang kilaunya, betis mulus lalu terlihat, berkilau bagaikan kilat.
39.	Rahaden sangsaya limut Sang Dyah sangĕt miwal kapti mĕngkana anulya uwal lumajĕng Sang Dyah Nawangsih wudhar gĕlung kasĕmĕkan sĕbit murina tan tinolih	Raden semakin terhanyut, Sang Dyah berusaha melepaskan diri. Demikianlah lalu lepas, berlari Sang Dyah Nawangsih, lepas gelung dan kainnya, lari terbirit-birit tak menoleh.
40.	Langkung dyah gumĕtĕripun riwe lir tinuras iki Ni Emban kagyat tumulya niba tangi anututi Raden Bondhan saulihnya anulya niba aguling	Putri sangat gemetaran, keringat bagai terkuras. Ni Emban terkejut lalu jatuh bangun mengejar. Demikian juga Raden Bondan, lalu jatuh terguling.
41.	Dyah prapta pinggiring dhukuh lĕnggah sangandhap waringin angĕntosi ĕmbanira ing nala Sang Dyah asandi esmu wĕlas mring kang raka marma kendĕl Sang Rĕtnadi	Dyah sampai di tepi pedesaan, duduk di bawah beringin, menunggu abdinya. Dalam hati Sang Dyah merenung, merasa kasihan pada kakandanya, jadi terdiam Sang Retnadi.
42.	(h.38) Praptanya Ni Emban iku mapan sarya niba tangi mesĕm Sang Rĕtna ngandika wus ta biyang payo mulih ingsun ngĕnteni mring sira	Kedatangan Ni Emban itu, dengan jatuh bangun. Tersenyum Sang Retna berkata, “Sudahlah bibi ayo pulang, aku menunggumu.”

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	nulya kundur Dyah Nawangsih	Lalu pulang Dyah Nawangsih,
43.	Datan miyos dalěmipun kang rama Kangjěng Sang Yogi jujug dalěmnya priyangga měnawa tinanya iki ewět Sang Rětna aturnya měngkana ing wadosneki	tidak melalui rumah ayahanda Kanjeng Sang Yogi, langsung ke rumahnya sendiri. Kalau ditanyai kerepotan Sang Retna menjawabnya, demikianlah menjadi rahasia.
44.	Prapta dalěm Sang Rětnayu lajěng sare Sang Rětnadi kagagas marang kang raka kělangkung gětunireki marang solahe kang raka Sang Rětna Dewi Nawangsih	Sampai di rumah Sang Retnayu, lalu tiduran Sang Retnadi, memikirkan kakandanya, sangat menyesali, akan ulah kakanda. Sang Retna Dewi Nawangsih
45.	Ngantos tigang dintěn iku Sang Rětna mapan tan ngirim mangkana Jěng Sang Pandhita sampun kaduga kang galih mring polahe ingkang putra anulya dipuntimbali	hingga tiga hari, Sang Retna tidak mengirim. Demikianlah Sang Pendeta sudah menduga dalam hati akan ulah putrinya, lalu dipanggilnya.
46.	Sang Rětna mapan wus rawuh ing ngarsane Sang Yogi Sang Pandhita ris ngandika paran marmanya ta nini sira kongsi tělung dina sundulu nora na ngirim	Sang Retna sudah datang di hadapan Sang Yogi. Sang Pendeta perlahan berkata, “Apa sebabnya putriku, hingga tiga hari engkau kuperhatikan tidak mengirim
47.	iya mring kakangireku paran kang dadya wiyadi (h.39) Sang Dyah tumungkul kewala datan sagěd matur yěkti nging kuměmběng ingkang waspa Sang Pandhita wus kadugi	ya kepada kakandamu. Apa yang jadi penyebabnya?” Sang Dyah tertunduk saja, tak bisa mengatakan yang sesungguhnya, tapi berkaca-kaca matanya. Sang Pendeta sudah menduga

No.	Alih Aksara	Terjemahan
48.	Yen Raden Surati iku salah karya mring Sang Dewi mĕngkana Jĕng Sang Pandhita esmu kewran ingkang galih angur baya sunpajara dimene padha kang ati	kalau Raden Surati itu, berbuat salah pada Sang Dewi. Demikianlah Kanjeng Sang Pendeta, agak tidak enak hatinya, lebih baik aku jelaskan supaya terang di hati.
49.	Mesĕm ngandika Sang Wiku iya sira suntuturi sayĕktine kakangira iku Ki Bondhan Surati iku putra Majalĕngka kinen momong maring mami	Tersenyum Sang Wiku berkata, "Ya engkau kuberitahu, sesungguhnya kakandamu, itu Ki Bondhan Surati, itu putra Majapahit, aku diminta mengasuhnya.
50.	Iya sira anak ingsun neng kene kang denngengeri wus dadya karsaning Nata kinen manggihkĕn sireki ing mĕngko pan karsanya sira wus ingsun pajari	Ya engkau anakku, di sini yang diikuti. Sudah menjadi kehendak Raja, diminta mempertemukan denganmu, di masa nanti kehendaknya engkau sudah kuberitahu.
51.	Lan pĕsthi karsa Yang Agung yen iku jodhonireki Sang Rĕtna sarĕng miyarsa marang sabdane sudarmi saya wuwuh wirangira solahnya kang katon dhingin	Dan takdir dari Yang Agung kalau itu jodohmu." Sang Retna setelah mendengar, yang dikatakan ayahanda, semakin malu, ulahnya dahulu yang terbayang.
52.	Mring kang rama runtikipun dadya tumungkul Sang Dewi nanging katara ing ulat kang rama yen denrĕngoni kang (h.40) rinasa wirangira solahe kang katon dhingin	Kemarahannya kepada ayahanda, jadi menunduk Sang Dewi, tetapi nampak di raut mukanya, kalau ayahnya mendapat kemarahan. Yang dirasakan rasa malunya, ulahnya yang terlintas masa dahulu.
53.	Dene lir kadang satuhu	Kenapa seperti saudara kandung,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	nora nganggo taha yěkti salaminya pan měngkana mila wirangnya Sang Dewi lamun raden pacangannya tan pisah ing siyang ratri	tanpa tata krama sesungguhnya selama ini demikian, maka merasa malu Sang Dewi, kalau (ternyata) raden calon pasangannya tak terpisahkan siang malam.
54.	Mring kang rama runtikipun Sang Rětna runtikireki Ki Agěng suka tyasira kalamun kang putra runtik anulya aris ngandika wus kramaa sira nini	Kemarahan kepada ayahandanya, Sang Retna marahnya. Ki Ageng senang hatinya kalau putrinya marah, lalu dengan lembut berkata “Sudahlah menikahlah putriku
55.	Mapan ta wus mangsanipun turutěn tutur sun gusti ya mung iku pasthinira kang dadi jodhonireki ing awal akir kěpanggya sira lawan kadangireki	karena sudah saatnya. Turutilah nasihatku putri, ya itu memang takdirmu, yang menjadi jodohmu di awal hingga akhir, bersatulah engkau dengan saudaramu.
56.	Lan tan ana liyanipun mung iku wijining Jawi wus pinasthi karsaning Hyang lamun sira kang madhahi turun-tumurun ing benjang nora kasělanan iki	Dan tiada lainnya, hanya itu bibitnya (orang) Jawa. Sudah pasti kehendak Hyang, bahwa engkau yang (menjadi) wadahnya. Turun-temurun kelak tidak ada selanya.
57.	Nanging iku pasthinipun kakangira Ki Surati marma yya[1] akeh rinasa wirang kang kělakon dhingin mapan wus tan dadi apa ingestokna tutur mami	Tetapi itulah takdirmu, kakandamu Ki Surati. Maka jangan merasa malu, kejadian yang memalukan dahulu, tidak jadi apa, dengarkanlah nasihatku.”
58.	Sarěng mirsa Sang Rětnayu ing wirayating sudarmi	Setelah mengetahui Sang Retnayu, akan keseluruhan cerita ayahanda,

[1] Rekomendasi: *ywa*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	(h. 41) dadya ical wirangira solahe kang katon dhingin nulya kundur Sang Kusuma mring dalĕmira pribadi	jadi hilang perasaan malunya, yaitu ulahnya yang teringat di masa lalu. Lalu pulang Sang Kusuma ke rumahnya sendiri,
59.	Lampahira gandrung-gandrung Sang Wiku miyat ing siwi langkung amanah mrawata Ni Ĕmban gya dentimbali kang ngiring ing mulanira prapteng ngarsa atur bĕkti	jalannya perlahan berirama. Sang wiku memandang pada putrinya, sangat berbangga hati. Ni Emban lalu dipanggil, (ia) yang mendampingi sejak dahulu. Sesampai di hadapan (Sang Wiku) lalu menyembah.
60.	Sang Pandhita ngandikarum mring Ni Ĕmban atanyaris sira pajara denwĕca paran polahe nak mami ing nguni sira tut wuntat Ni Ĕmban matur wotsari	Sang pendeta berkata dengan halus, kepada Ni Emban bertanya, “Engkau katakan dan jelaskan, bagaimana ulah putriku, dahulu (ketika) engkau mengikuti?” Ni Emban menghaturkan,
61.	Nuwun pangapuntĕn ulun pun patik datan udani lawan prapta lajĕng nendra aneng sajawining kori Sang Rĕtna lawan kang raka lĕnggah aneng dalĕm gusti	“Hamba mohon ampun, hamba tidak mengetahui, karena datang lalu tertidur di luar pintu. Sang Retna dan kakandanya duduk di dalam gusti.
62.	Sarĕng amba tangi turu anging putra tuwan sĕpi langkung tyas gusti kawula nulya lumajĕng nututi putra tuwan kapanggya pinarak ngandhap waringin	Ketika hamba bangun tidur, tetapi putranda sepi. Sangat waswas hati hamba, lalu hamba kejar, putrinda ketemu duduk di bawah beringin.”
63.	Sang Pandhita mesĕm muwus paran polahe kang kari Ni Ĕmban matur wotsĕkar	Sang pendeta berkata sambil tersenyum, “Bagaimana ulah yang ditinggal?” Ni Emban mengatakan,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	putra tuwan Den Surati pan sa- (h. 42) re mujung kewala kados langkung sěkělneki	“Putra tuan Raden Surati hanya tidur membujur saja, sepertinya sangat kelelahan.
64.	Antawis amba pukulun kang dhahar punika měksih mapan gělar wontěn panggenan tilas tataning pakardi mila sangět tyas kawula lan něrka wontěn prakawis	Perkiraan hamba Paduka, makanannya itu masih tertata di tempatnya, tampak ditata dengan baik, maka sangat waswas hamba dan mengira ada masalah.
65.	Mila lumajěng Pukulun kěpareng tyas tan sipi nututi putra Panduka kapanggih lěnggah Sang Dewi aneng sangandhaping gurda lan esmu sungkawa yěkti	Maka (hamba) lari Paduka, hati sangat waswas mengejar putri Paduka. Ketemu duduk Sang Dewi, di bawah beringin, dan nampak sangat sedih.
66.	Sarěng praptamba Pukulun Sang Rětna atanyaris ana apa buri kana měkatěn tur amba Gusti pan datan wontěn punapa nging rakanta Den Surati	Setelah hamba datang Paduka, Sang Retna bertanya dengan lemah, “Ada apa di belakang sana?, begini kata hamba Gusti, “Tidak ada apa-apa, tetapi kakanda Raden Surati,
67.	Kados langkung sěkělipun antawis mujung aguling putranta mesěm ngandika lah uwis ta dinawa pikir manawa si rama wikan si kakang nek disěneni	sepertinya sangat kecapaian, seperti tidur terguling”, putrinda tersenyum berkata, “Sudahlah tak usah dipikirkan kalau ayahanda tahu, si kakak mungkin dimarahi.
68.	Wis ta biyang payo mantuk aja sira ngětarani měsakake ya si kakang Sang Wiku mesěm wus uning marang ature Ni Ěmban	Sudahlah bibi ayo pulang, janganlah engkau terlihat. kasihan ya si kakak.” Sang Wiku tersenyum memahami, pada yang dihaturkan Ni Emban.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Sang Pandhita ngandikari- (h. 43) s	Sang Pendeta berkata dengan halus,
69.	Ěmban muliha sireku sun nusul mring Ki Surati iya marang ing pagagan Sang Pandhita gya lumaris Ni Ěmban dhědhěs Sang Rětna kawarna Raden Surati	"Emban engkau pulanglah aku menyusul Ki Surati ya di pertapaan." Sang Pendeta segera berangkat. Ni Emban mendesak Sang Retna. Diceritakan Raden Surati,
70.	Ingkang lagya manggung wuyung nging Sang Dyah kang annggalih ngantos jangkěp pitung dina raden tan dhahar lan guling nging gandrung marang Sang Rětna kapalang ajrih Sang Yogi	yang sedang mabuk asmara, hanya Sang Dyah yang dipikirkan. Hingga genap tujuh hari raden tidak makan dan tidur, hanya gandrung kepada Sang Retna, tetapi takut (pada) Sang Yogi.
71.	Dadya gandrung kapirangu mirangrong Raden Surati sabarang ingkang katingal gunung jurang parang ngiring wana kayon měmanukan pan wus tan ana kaeksi	Jadi gandrung tak keruan, sakit asmara Raden Surati. Segala sesuatu yang terlihat, gunung, jurang, tebing, pepohonan, hutan, burung-burung sudah tak nampak.
72.	Buron kali tan kadulu nging Sang Dyah kang nglimputi mangkana ciptaning driya Rahaden Bondhan Surati paran těmahe ta baya yen ingsun nora kapanggih	Ikan di sungai tak terlihat. Hanya Sang Dyah yang membayangi, yang dipikirkan (oleh) Raden Bondhan Surati, "Bagaimana akibatnya, kalau aku tidak (bisa) bertemu
73.	Lan Ni Mas lěsminingsantun tan wurung pun kakang gusti ngame datanpa wěkasan wurung kapandhitan mami sapa baya kang wělasa yen dede dika wong kuning	dengan Putri cantik dan santun. Tak ayal kakanda gusti mabuk kepayang tanpa henti. Gagal kependetaanku. Siapakah yang (akan) berbelas kasih? kalau bukan dirimu putri kuning.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
74.	Paran baya marganipun kang abdi panggih lan gusti dhuh Mas Mi- (h. 44) rah jiwaningwang emuta sira wong kuning lamun duwe panakawan neng pĕgagan kawlas asih	Bagaimana caranya abdi bertemu dengan gusti? Duh Mas Mirah (belahan) jiwaku ingatlah engkau putri kuning kalau punya abdi di pertapaan ini menderita.”
75.	Langkung liwung tyas Den Sunu mring Sang Dyah Rĕtna Nawangsih ing siyang dalu mĕngkana nging Sang Rĕtna kang denesthi tumancĕp aneng wĕrdaya kumanthil-kanthil neng alis.	Sangat kasmaran hati Raden Putra pada Sang Dyah Retna Nawangsih. Pada siang ataupun malam hanya Sang Retna yang dipikirkan, tertanam dalam hati, terbayang-bayang di alis mata.
76.	Marma barang kang kadulu tan lyan Sang Dyah Rĕtnaningsih sĕmana meh tanpa jiwa sira Rahaden Surati marlupa ingkang sarira sendheyan wit nagasari	Maka segala sesuatu yang terlihat tak lain Sang Dyah Retnaningsih. Demikianlah hampir hilang ingatan, dia Raden Surati. Badannya lesu, Bersandar pada pohon nagasari.
77.	Dhuh Mas Mirah pupujanku mĕngkana esthining galih sapa kang duwe bĕndara wong kuning kang sawang sasi bisa weh rujiting driya nging abdi Bondhan Surati	“Duh Putri pujaanku” demikian yang dipikirkan, “Siapa yang memilikimu? Putri kuning bagai rembulan, bisa mencabik hati, hanya abdi Bondhan Surati.
78.	Paran tĕmahe wakingsun lir lara kĕmbanging pati kang pati pati pantaran yen tan asih ing Yyang Widi angur baya den banjurna tan bisa wit nandhang sakit	Bagaimanakah nanti diriku? bagai sakit akan mati, kematian karena kalau tidak dikasihi Hyang Widi lebih baik dihabisi, tak kuasa (aku) menyandang sakit.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
79.	Muga ta Kangjĕng Sang Wiku wĕlasa mring awak mami sapa yogya nambanana yen dede dika wong kuning susutya neng pagu- (h. 45) lingan lajĕng nendra Den Surati	Semoga Kanjeng Sang Wiku berbelas kasih padaku. Siapa yang bisa menyembuhkan kalau bukan dirimu putri kuning permata di peraduan", lalu tertidur Raden Surati.
80.	Sang Pandhita sampun rawuh ing dhepoke Den Surati jumĕnĕng neng plataran Sang Wiku dangu anganti ing wijilira kang putra adangu datan kaeksi	Sang Pendeta sudah datang di pondok Raden Surati. Berdiri di halaman Sang Wiku lama menanti akan keluarnya putranda. Lama tidak nampak.
81.	Ki Agĕng lajĕng lumĕbu marang dalĕmnya kang siwi sĕpi tan ana katingal wau Den Bondhan Surati pĕsareyan ora ana kadi wus tinilar lami	Ki Ageng lalu memasuki ke rumah putranda, sepi tak terlihat Raden Bondhan Surati. Di tempat tidur tidak ada, sepertinya sudah lama ditinggalkan.
82.	Sang Pandhita mesĕm kalbu mangkana ing tyas Sang Yogi marang ngĕndi paranira putraningsun Ki Surati kaya bangĕt prihatinnya Sang Wiku lajĕng ngulati	Sang Pendeta tersenyum dalam hati. Dalam pikiran Sang Yogi, "Kemana perginya putraku Ki Surati, sepertinya sangat prihatin." Sang Wiku lalu mencari-cari,
83.	Pĕgagan datan katĕmu pakĕbonan tan kĕpanggih marang sĕndhang pasiraman mangkana Raden Surati kapanggih nendra ing lawang sare ngandhap nagasari	di pertapaan tidak ketemu, di kebun tidak ketemu, (juga) di telaga pemandian. Demikianlah Raden Surati ditemukan tertidur di pintu, tidur di bawah pohon nagasari.
84.	Sang Pandhita wus andulu mring putra Raden Surati	Sang Pendeta sudah melihat pada putra Raden Surati,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	salira sawang kunarpa langkung ngrĕs ing tyas Sang Yogi nanging radyan lagya nendra tan uninga kang rama prapti	badannya seperti mayat. Sangat terharu hati Sang Yogi, tetapi raden baru tidur tak tahu ayahanda datang.
85.	Kapati nendra Den Sunu sendheyan wit nagasari langkung lupa kang sarira mangkana kang Maha (h. 46) Yĕkti lungguh aneng sandhingira langkung tyasira Sang Yogi	Tidur nyenyak Raden Surati, bersandar batang nagasari, sangat lesu badannya. Demikianlah Maha Yekti, duduk di sampingnya, sangat sedih hati Sang Yogi.
86.	Mĕngkana osiking kalbu yen sun gugah anak mami manawa kaget Ki Putra tlase tan nendra lami kongsi nglayung kang wĕdana kang putra alon sinandhing	Adapun yang dipikirkannya, kalau dibangunkan anakku, kalau kaget Ki Putra, tampaknya lama tidak tidur sampai pucat wajahnya. Perlahan (duduk) disamping putranda.
87.	Wus dangu raden awungu tumingal kang rama prapti lĕnggah aneng sandhingira tur bĕkti Raden Surati rinangkul mring Sang Pandhita ingaras ĕmbun Sang Siwi	Setelah lama raden terbangun, melihat ayahanda datang, duduk di sampingnya, menghaturkan sembah Raden Surati, dipeluk oleh Sang Pendeta, Sang Putra dicium ubun-ubunnya.
88.	Sarya angandika arum adhuh nyawa anak mami wus aja dinawa-dawa kulup rehira prihatin mapan ingsun wus uninga kang dadya kingkinireki	sambil berkata dengan halus “Aduh nak putraku sudahlah jangan berlama-lama engkau melakukan prihatin, karena aku sudah tahu yang menjadikan kesedihanmu.
89.	Marma prapta kaki ingsun ngluwari kingkinireki tan prabeda arinira sunduga pribadi	Maka kedatanganku melepas kesedihanmu, tak berbeda adikmu aku mengira sendiri,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	wus ta payo mulih nyawa estu isin Den Surati	sudahlah ayo pulang anakku.” Sungguh malu Raden Surati,
90.	Tur sĕmbah raden tumungkul nanging tyas sagunung siwi mesĕm Sang Raja Pandhita non ing tyas kang putra sandi Sang Wiku malih ngandika wis ta kaki payo mulih	mengahaturkan sembah raden menunduk, tetapi hatinya membesar. Tersenyum Sang Raja Pendeta melihat hati putranda yang tersirat. Sang Wiku berkata lagi, “Sudahlah Nak ayo pulang.”
91.	Tan lĕnggana Raden Sunu tur sĕmbah nu- (h. 47) lya tut wuri lumampah aneng ing wuntat Sang Pandhita munggeng ngarsi Kang manah marwata suta Rahaden Bondhan Surati	Tak membantah Raden Sunu, menyembah lalu mengikuti berjalan di belakang, Sang Pendeta di depan. Hatinya sangat senang. Raden Bondhan Surati.
92.	Ĕnĕngna ingkang lumaku kawarna Dyah Rĕtnaningsih saundurira sing ngarsa- nira risang Wikujati nging wirangira kaetang neng tĕpas mujung Sang Dewi	Berhenti diceritakan yang sedang berjalan Diceritakan Dyah Retnaningsih sekembalinya dari hadapan Sang Wikujati, hanya teringat rasa malu. Di rumah, Sang Dewi tiduran,
93.	Tanpa dhahar Sang Rĕtnayu kang kaesthi nging solahneki kaniaya Kangjĕng Rama tanpa jarwa kang sayĕkti ingsun tĕmah kawirangan ing salami-lamineki	tidak makan Sang Retnayu. Yang dipikirkan hanya perbuatannya, tersiksa (oleh sikap) Kanjeng Rama, tanpa jawaban yang sungguh-sungguh, “Aku lalu merasa malu, selama ini.
94.	Alah tane si anu bisa tĕmĕn karya sandi sĕlawase tan kĕtara dene kadya kadang yĕkti waspada sĕbarang ingwang iyisidi[2] pangan sugih	Anehnya lagi si anu, bisa-bisanya berpura-pura, Selama ini tak kentara, kenapa seperti saudara kandung memperhatikan segala sesuatu tentang aku (?) makanan kaya

No.	Alih Aksara	Terjemahan
95.	Paran baya tambanipun kinarya ngilangkěn isin tan bisa atěmu ingwang kalawan wong ika maning měngkana osiking nala Sang Rětna Dewi Nawangsih	Apa gerangan obatnya? Untuk menghilangkan rasa malu, tak bisa bertemu aku dengan orang itu lagi.” Demikianlah gejolak hati Sang Retna Dewi Nawangsih.
96.	Ni Ěmban kaku tyasipun nunggoni mring Sang Rětnadi tan dhahar tan ngandika esmu (h. 48) ngělih lawan arip dadya turon anglungsar lir bulus angrěm kaeksi	Ni Emban merasa kasihan hatinya, menunggui Sang Retnadi, tidak makan tidak berbicara. Terasa lapar dan kantuk, sehingga tertidur terbungkuk, terlihat seperti kura-kura mengeram.
97.	Ayun matur mring Sang Arum Ni Ěmban sangět dennyajrih dadya tiněngga kewala kawarnaa Jěng Sang Yogi wus prapta ing dhepokira lan Raden Bondhan Surati	Ingin berbicara dengan Sang Arum, Ni Emban sangat takut, jadi hanya menunggu. Diceritakan Kanjeng Sang Yogi, sudah sampai di pondok dengan Raden Bondhan Surati.
98.	Sang Pandhita ngandikarum mring Raden Bondhan Surati lah kulup sira kariya sun-nari arinireki mesěm němbah Raden Bondhan Sang Wiku nulya lumaris	Sang Pendeta berkata dengan halus Kepada Raden Bondan Surati, “Anakku engkau tinggallah, aku (akan) menanyai adikmu.” Tersenyum dan menyembah Raden Bondan. Sang Wiku lalu berangkat,
99.	Mring dalěmnya Sang Dyahingrum kagyat Ni Ěmban ningali mring rawuhe Sang Pandhita nulya matur marang gusti pukulun rama paduka rawuh tumědhak mariki	menuju rumah Sang Dyahingrum. Terkejut Ni Emban melihatnya, akan kedatangan Sang Pendeta, lalu mengatakannya kepada gusti, “Paduka ayahanda datang, datang langsung ke sini.”

[2] Arti kata tidak diketahui

No.	Alih Aksara	Terjemahan
100.	Sang Rĕtnaningdyah tumurun saking jroning tilamsari amĕthuk dhatĕng kang rama sĕmu lingsĕm Sang Rĕtnadi Sang Pandhita nulya lĕnggah Sang Rĕtna sampun ngabĕkti	Sang Retnaningdyah turun, dari dalam kamar tidur, menemui ayahandanya, agak malu Sang Retnadi. Sang Pendeta lalu duduk, Sang Retna sudah menyembah,
101.	Ngusweng suku sang palungguh Sang Pandhita ngandikaris rara wus sira lungguha dyan lĕnggah Sang Mindha Ratih Sang Wiku malih ngandi- (h. 49) ka Marmaningsun prapta ngriki	mencium kaki yang sudah duduk. Sang Pendeta berkata dengan halus, “Putri sudahlah, duduklah.” Sang Bagai Ratih lalu duduk. Sang Wiku berkata lagi, “Sebabnya aku datang kemari,
102.	Nutukakĕn karsaningsun sira akramaa sira nini tan ana ingkang prayoga kang pantĕs sira ngengeri tumĕka donya ngakerat mung iku paningal mami	melanjutkan kehendakku, engkau menikahlah putriku. Tak ada yang lebih baik, yang pantas engkau abdi, dunia hingga akhirat, hanya itu yang kupandang,
103.	Lan wus karsaning Yyang Agung pinasthi jodhonireki tan ana liyaning nyawa nging kakangira Surati ingkang dadya karsaningwang paran mĕngko sira nini	dan sudah kehendak Yang Agung, dipastikan jodohmu, tak ada lainnya Nak, hanya kakandamu Surati, yang jadi kehendakku, bagaimana nanti engkau putriku.”
104.	Sang Rĕtnaningdyah umatur alon dhumatĕng sudarmi ya Rama sakarsanira ingsun darma anglakoni nanging ta pĕnjalukingwang tĕkane si ibu dhingin	Sang Retnaningdyah menjawab Perlahan kepada ayahanda, “Ya Ayahanda sekehendakmu, saya hanya sekedar menjalani, tetapi permohonanku, hadirkan ibu dahulu.
105.	Mapan sun rama ayun wruh wĕrnane si ibu yĕkti	Karena aku ingin mengetahui ayahanda, rupa ibu sesungguhnya.”

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Sang Pandhita duk miyarsa mring panuhuning siwi esmu kewran ing tyasira supe dhingin wus winĕling	Sang Pendeta ketika mendengar, agak kacau dalam hati, lupa kepada pesan terdahulu.
106.	Mĕngkana engĕt Sang Wiku yen ing dhingin wus winĕling wau dhumatĕng kang garwa mĕngkana wĕlingereki ya Ki Omah anakira yen ana jodhona(ne) benjing	Maka lalu ingat Sang Wiku kalau dahulu sudah dipesan, oleh istrinya. Demikian pesannya, “Ya Ki Omah, anakmu Kelak kalau ada jodohnya,
107.	Ya sira (h. 50) ngundanga ingsun pan ingsun ayun udani ing lakine anakira wus pasthi ingsun gya prapti mĕngkana Jĕng Sang Pandhita mring kang putra ngandikaris	engkau panggillah aku, karena aku ingin memberitahu, pada suami anakmu. Sudah pasti aku segera datang.” Demikian Kanjeng Sang Pendeta berkata dengan halus kepada putrinya.
108.	Ya bĕnĕr nini karĕpmu ingsun meh kĕlalen yĕkti iya marang ibonira payo marang sanggar Nini ngundang marang ibonira mĕnawa Allah marĕngi	“Ya benar putri kehendakmu, aku sungguh hampir lupa, ya kepada ibumu. Ayo menuju sanggar putriku, mengundang ibumu, kalau Allah mengijinkan.”
109.	Sang Pndhita gya tumurun tĕdhak marang sanggar nuli Sang Rĕtna mapan tut wuntat ĕmban satunggal kang ngiring prapta sanggar Sang Pandhita nĕnuhun marang Hyang Widi	Sang Pendeta lalu turun menuju ke sanggar, Sang Retna mengikutinya, seorang emban mengiringi. Setibanya di sanggar Sang Pendeta memohon kepada Hyang Widi.
110.	Sarya ngobong mĕrang iku pari kĕtan wulung iki aneng palataran sanggar Sang Pandhita lan kang siwi	Sambil membakar batang padi padi *ketan wulung* di halaman sanggar. Sang Pendeta dan putrinya

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	aneng ing sajroning sanggar sarya nĕnuhun Hyang Widi	di dalam sanggar lalu memohon kepada Hyang Widi.
111.	Nawangwulan praptanipun kagyat Sang Rĕtna Nawangsasi sapraptane kukus mĕrang kĕtan wulung ing tyasneki Ki Omah ngundang mring ingwang baya leh jodho nakmami	Nawangwulan datang, terkejut Sang Retna Nawangsasi, hadir dalam asap batang padi *ketan wulung* dalam hatinya. “Ki Omah memanggilku, apakah anakku sudah berjodoh?”
112.	Dyah Nawangwulan tumurun saking kayanganireki ngiring sagung widadara (h. 52) tan dangu prapta Sang Dewi aneng ing sanggar langgatan nging angin ganda rumiyin	Dyah Nawangwulan turun dari kahyangan, diiringi para bidadari. Tak lama datanglah Sang Dewi di sanggar pemujaan. Hanya angin berbau harum terlebih dahulu.
113.	Sang Pandhita tyasnya gumur myat angin ngidid gandamrik wus duga lamun kang garwa badhe ingkang andhatĕngi enggar tyas mantuk taruna Nawangwulan nulya prapti	Sang Pendeta kacau hatinya, mengenali angin semilir mewangi, sudah menduga kalau istrinya yang akan mendatangi. Bahagia hati (bagai) masih muda. Nawangwulan lalu datang.
114.	Sang Pandhita tyasnya gupuh arsa pinondhong Sang Dewi saking onĕng salaminya marma supe mring kang siwi nginggati Dyah Nawangwulan Ki Omah ayun punapi	Sang Pendeta berdebar hatinya, ingin menggendong Sang Dewi, karena rasa asmara selama ini, sehingga lupa kepada putrinya. Dyah Nawangwulan menghindar, “Ingin apa?
115.	Prapta sun kene satuhu ayun wruh Ni Nawangsih tan kangĕn marang wong cidra mesĕm ngandika Sang Yogi ya wus nora Ni Mas Dewa den-gĕdhe apura yayi	Kedatanganku kemari sungguh ingin mengetahui Ni Nawangsih, tidak rindu kepada orang yang ingkar.” Tersenyum berkata Sang Yogi, “Ya sudah tidak, Ni Mas Dewi. Ampunilah, adinda,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
116.	Saking ta kělalen ingsun alawas nora kěpanggih wus yayi payo lungguha anakira Ni Nawangsih ayun ngaběkti mring sira Nawangwulan nulya linggih	karena terlupa aku, terlalu lama tidak bertemu. Sudahlah dinda ayo duduklah, anakmu Ni Nawangsih ingin bersujud kepadamu.” Nawangwulan lalu duduk.
117.	Sang Pandhita ngandikarum Rětnaningsih anakmami iya iku ibunira Sang Rětna nulya ngaběkti rinangkul nungkěmi pada estu wěspa- (h. 52) da Sang Dewi	Sang Pendeta berkata dengan halus, “Retnaningsih anakku, ya inilah ibumu” sang Retna lalu menyembah memeluk mencium kaki, sungguh haru Sang Dewi
118.	Dene lami tan kěpangguh langkung tyas Dyah Nawangsasi pinupus purbaning Sukma měngkana ngandika aris dhuh Nawangsih anakingwang wus lungguha sira sini	lama tidak bertemu. Sangat sedih hati Dyah Nawangsasi. Diterima (bahwa ini) kehendak Yang Kuasa. Demikianlah berkata dengan halus, “Duh Nawangsih putriku sudahlah duduklah engkau putriku.”
119.	Sawusnya tata alungguh Dyah Nawangwulan tanyaris Ki Omah wontěn punapa dene angundang mring mami Sang Pandhita lon ngandika marmane sunundang yayi	Setelah semua duduk, Dyah Nawangwulan bertanya dengan halus, “Ada apa, mengapa mengundang aku?” Sang Pendeta berkata perlahan, “Engkau kuundang dinda, karena
120.	Ing měngko putranireku iya Ni Rara Nawangsih yen sarju kalawan sira ayun sunkramakkěn ugi mapan wus ana jodhonya iya putra Majapait	putrimu sekarang, ya Ni Rara Nawangsih, kalau engkau setuju, akan aku nikahkan karena sudah ada jodohnya, yaitu putra Majapahit,
121	Kang dadya tělěng tyasingsun	yang menjadi kebanggaan hatiku,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
.	wěsta Den Bondhan Surati Dyah Nawangwulan ngandika ya Ki Omah sunměthuki pan iku wijining Jawa kang kinarsakkěn Yang Widi	bernama Raden Bondan Surati.” Dyah Nawangwulan berkata, “Ya Ki Omah aku setuju, karena dia bibitnya Jawa, yang dikehendaki Hyang Widi.”
122.	Malih ngandika Sang Ayu marang Dyah Rětna Nawangsih paran nini karsanira Sang Rětna matur ngaběkti ya ibu sakarsanira pan ingsun darma nglakoni	Sang Ayu berkata lagi kepada Dyah Retna Nawangsih, “Bagaimana kehendak putriku perasaanmu?” Sang Retna berkata dan menyembah, “Ya ibu sekehendakmu, aku hanya menjalani.
123.	Lamun wus dadi karěpmu kělawan si rama yěkti ingsun a- (h. 53) narah kewala Nawangwulan mesěm angling ya Ki Omah mantunira ing saměngko ana ngěndi	Kalau sudah menjadi kehendakmu dan ayahanda sungguh aku berserah saja.” Nawangwulan berkata sambil tersenyum, “Ya Ki Omah menantumu sekarang ada di mana?
124.	Mapan ingsun ayun wěruh marang Den Bondhan Surati Ki Omah sira undanga měngko ta ana ing ngěndi Sang Wiku mesěm ngandika ngong tinggal neng dhepok mami	Aku ingin mengetahui Raden Bondan Surati. Ki Omah engkau panggillah, sekarang ada di mana?” Sang Wiku tersenyum dan berkata, “Aku tinggalkan di pondokku,
125.	Ěmban miyanga sireku timbalana anak mami iya Ki Bondhan Kějawan tan pantara nulya prapti neng ngarsane Sang Pandhita maněmbah Raden Surati	Emban berangkatlah engkau panggillah anakku, ya Ki Bondan Kejawan.” Tak beberapa lama lalu datang, di hadapan Sang Pendeta, menyembah Raden Surati.
126.	Sang Wiku alon nabdarum kaki marma suntimbali ibonira iku prapta	Sang Wiku berkata perlahan, “Anakku sebabnya kupanggil (karena) ibumu ini datang,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	ayun wruh wĕrnanireki mara sira ngabĕktiya tur sĕmbah Raden Surati	ingin mengetahui wajahmu. Kemarilah engkau, menyembahlah.” Menghaturkan sembah Raden Surati.
127.	Dyah Nawangwulan nabdarum ya kaki Bondhan Surati ingsun titip arenira den-gĕdhe apura kaki marang kaluputanira iya Ni Rara Nawangsih	Dyah Nawangwulan berkata dengan halus “Ya putraku Bondan Surati, aku titip adindamu, besarlah pengampunanmu putraku pada kesalahan Ni Rara Nawangsih.
128.	Sira ugunga nakingsun iya sawĕtara kaki lawan maneh wĕlasana rare adoh lawan ma- (h. 54) mi tur sĕmbah nuhun Den Bondhan Nawangwulan angling malih	Manjakanlah anakku ya secukupnya putraku. Dan lagi berbelas kasihlah, (karena) anak jauh dariku.” Menghaturkan terimakasih Raden Bondan. Nawangwulan berkata lagi,
129.	Rĕtnaningsih putraningsun poma ywa sumaleng kapti sakarsane kakangira kumĕmbĕng waspa Sang Dewi tumungkul denira lĕnggah tan matur limuting galih	“Retnaningsih putriku, janganlah khawatir di hati, sekehendak kakandamu.” Berlinang airmata Sang Dewi menunduk duduknya, tak kuasa menghaturkan isi hati,
130.	Dadya nungkĕmi Sang Ayu ing pangkon sarwi anangis maras bok tinilar musna dereng tutuk kangĕneki Dyah Nawangwulan sĕmana kumĕmbĕng wĕspanireki	lalu menyembah pada Sang Ayu, di pangkuan sambil menangis. Sedih kalau akan ditinggal musnah, belum puas kerinduannya. Demikian juga Dyah Nawangwulan, berlinang airmatanya,
131.	Wĕkasan ngandika arum Nawangsih nakingsun gusti wus aja sira karuna pupusĕn kĕlamun tĕkdir mapan ingsun nora kĕna	Lalu berkata dengan halus, “Nawangsih anakku gusti, sudahlah jangan engkau menangis, terimalah kalau takdir, karena aku tak diperkenankan,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	yen tiru manungsa yĕkti	kalau seperti manusia sesungguhnya.
132.	Wus kariya anakingsun denatut apalakrami atĕnapi kaki sira iya Ki Bondhan Surati estokna pituturingwang kaki ingsun pamit mulih	Sudahlah tinggallah anakku, menurutlah dinikahkan. Dan juga engkau, ya Ki Bondan Surati, jalankan nasihatku. Anakku, aku pamit pulang.
133.	Ki Omah kariya ingsun pamit mapan arsa mulih Sang Pandhita lon ngandika bok aja mulih tumuli tung- (h. 55) gonana anakira anaa kang pitung bĕngi	Ki Omah aku pamit, pamit akan pulang." Sang Pendeta berkata perlahan, "Janganlah cepat pulang, tunggulah anakmu, sekitar tujuh malam."
134.	Malerok Dyah Nawangingrum Sang Pandhita amrĕpĕki ayun cinandhak kang garwa Nawangwulan wus udani marang karsane kang raka ayun ngrusak taman sari	Melirik Dyah Nawangingrum, Sang Pendeta mendekati, ingin menggapai sang istri. Nawangwulan sudah tanggap, akan keinginan suaminya, akan merusak taman sari.
135.	Nulya musna Sang Rĕtnayu mapan karyagĕna sami anjĕntung Raja Pandhita adangu tan kĕna angling Nawangsih niba kantaka mĕngkana Raden Surati	Lalu musnah Sang Retnayu, menjadikan semua kecewa. Tertegun Raja Pendeta, lama tak sanggup berkata-kata. Nawangsih jatuh pingsan. Demikianlah Raden Surati,
136.	Kang rayi cinandhak sampun pinondhong Sang Mindha Ratih nanging tan emut Sang Rĕtna binĕkta kondur tumuli mring dalĕmira priyangga sinarekĕn jinĕm wangi	sang adinda ditangkap sudah, diangkat Sang Bagai Ratih, tetapi tidak sadar Sang Retna, lalu dibawa pulang ke rumahnya sendiri, ditidurkan di peraduan.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
137.	Sang Pandhita měksih kantun neng sanggar tan kěna angling kělangkung limuting driya nging kang garwa aneng ati Nawangwulan kaniaya aweh lara nora mati	Sang Pendeta masih tinggal, di sanggar membisu, sangat terhanyut hatinya. Hanya istrinya dalam hati, Nawangwulan menyiksa memberi sakit (tetapi) tidak mati.
138.	Dyah Rětnaningsih winuwus sinungkěman mring Surati dhuh gusti sira wunguwa tolehěn pun kakang yayi Dyah emut purwaduksina ngusap Sri Nata Sang Dewi	Diceritakan Dyah Retnaningsih, disujudi oleh Surati, “Duh gusti engkau bangunlah, tataplah kakandamu dinda.” Dyah ingat awal mulanya, mengusap Sang Raja Sang Dewi.